

D.P.U. 25-20 Eversource, National Grid, Unitil

Rezime nan Langaj Klè ak Plan Sansibilizasyon Pwosedi Nivo 1

Rezime nan Langaj Klè

Avèk kwasans resous enèji renouvlab pwodiksyon desantralize (Distributed Generation, "DG") tankou sistèm solè ak sistèm estokaj enèji yo, Lejislati Massachusetts la te adopte chapit 164, sou-seksyon 92B nan Lwa Jeneral pou egzije konpayi distribisyon elektrisite yo, nan pamì anpil lòt bagay, konsidere yon nouvo pwoesisis planifikasyon alontèm pou facilite pi presizeman entèkoneksyon sistèm solè ak sistèm estokaj enèji yo nan rezo elektrik la. Nouvo pwoesisis planifikasyon alontèm pou DG a, ke konpayi distribisyon elektrisite yo devlope grasa angajman avèk pati konsène yo, ta facilite envestisman distribisyon ki pran devan pou devlope enfrastrikti ki nesesè pou akeyi enstalasyon solè ak estokaj enèji ke devlopè yo prevwa pou pwopoze alavni.

An konfòmite avèk lwa Eta a ak Òdonans Depatman Sèvis Biblik la nan D.P.U. 24-10/11/12, nan dat 9 Me 2025, Eversource Energy, National Grid, ak Unitil te estokajze yon Pwopozisyon Planifikasyon Sistèm Alontèm ("LTSPP") nan Depatman Sèvis Biblik yo pou entèkoneksyon sistèm solè ak sistèm estokaj enèji yo. Depatman an te anrejistre afè sa a kòm D.P.U. 25-20.

LTSPP a se yon mwayen pou facilite entèkoneksyon efikas ak rantab sistèm solè ak sistèm estokaj enèji yo sou sistèm enèji elektrik chak Konpayi an, nan yon fason ki an sekirite epi fyab. Plan aktivasyon DG yo ki devlope nan kad LTSPP a pral teni kont tou de enpak demann elektrifikasiyon alontèm ka genyen nan chak zòn, pou soutni politik ak objektif Commonwealth la nan zafè enèji pwòp ak klima jiska 2050. LTSPP a gen nan li yon pwopozisyon pou pataje frè envestisman pwoaktif nan sistèm distribisyon ki pèmèt entèkoneksyon enstalasyon solè ak estokaj enèji yo ant devlopè yo ak kliyan distribisyon yo, baze sou benefis ki founi pou chak.

Pou devlope LTSPP a, Konpayi yo te òganize kenz reyinyon ak pati konsène yo nan kominote devlopman sistèm solè ak sistèm estokaj enèji yo, ajans leta yo, defansè anviwònman yo, inivèsite yo, ak manm piblik jeneral la. LTSPP a se pwodui kolaborasyon avèk pati konsène sa yo.

Depo Konpayi yo fè a pa gen okenn enpak sou tarif aktyèl pou kliyan yo epi Konpayi yo pa prevwa okenn chanjman tarif akòz depo sa a.

Rezime nan langaj klè ki anwo la founi pou **bay enfòmasyon sèlman** epi li pa gen objektif ranplase okenn avi ofisyèl Depatman an bay nan zafè sa a. Annakò avèk Plan Sansibilizasyon Nivo 1 an, yon kopi Avi ofisyèl Pwosedi a pral poste sou sit entènèt chak Konpayi.

Rezime nan Langaj Klè ak Plan Sansibilizasyon Pwosedi Nivo 1

Plan Sansibilizasyon Nivo 1

Depatman an klase dosye LTSPP a kòm yon Pwosedi Nivo 1. Annakò avèk deziyasyon sa a, Konpayi an pral planifye pou fè aktivite sansibilizasyon sa yo:

- Pou pibliye Avi Depo ki emèt nan pwosedi sa a yon fason ki byen vizib sou sitwèb Konpayi an;¹
- Tradui rezime nan langaj klè a an Espayòl, Pòtigè, Chinwa (ni Mandarin ni Kantonè), Kreyòl Ayisyen, ak Vyetnamyen;
- Bay sèvis entèpretasyon pandan odyans piblik la;
- Distribye rezime nan langaj klè a bay lis distribisyon LTSPP a epi mande pati konsène yo distribye rezime nan langaj klè a bay pati ki enterese yo;
- Distribye rezime nan langaj klè a epi fè sansibilizasyon bò kote otorite minisipal yo;
- Pou pibliye Avi Depo a nan yon jounal jan Depatman an gendwa egzije;
- Pou remèt ofisyèlman yon kopi Avi Depo a sou nenpòt lis sèvis obligatwa jan Depatman an dikte l; epi
- Nenpòt lòt piblikasyon oswa aktivite sansibilizasyon ke Depatman an ka egzije.

Annakò avèk aktivite sansibilizasyon ki te fèt déjà yo, Konpayi yo ap bay yon kopi Avi Pwosedi a bay nenpòt lòt moun ki mande pou resevwa enfòmasyon sou dokiman Konpayi yo te depoze. Konpayi yo pral mete pwosedi sa a sou sit entènèt yo jan Depatman an endike.

¹ Sitwèb Eversource: <https://www.eversource.com/content/residential/account-billing/manage-bill/about-your-bill/rates-tariffs/public-hearings-filings>; Sitwèb National Grid: <https://www.nationalgridus.com/Our-Company/DPU-Filing>; Sitwèb Unitil: <https://unitil.com/our-company/filing-notices>